



Komisyon pou Revizyon Konstitisyon pou ane 2018, 14 out 1018

Alòske, Komisyon pou Revizyon Konstitisyon Vil New York pou ane 2018 la te fè anpil aktivite pou sensibilize piblik la, tankou òganize anpil odyans piblik ak evènman nan tout senk (5) minisipalite yo

Alòske, Komisyon an te tandem ak resevwa temwayaj alekri ofisyèl ki pase nan eleksyon ak manm piblik la nan odyans piblik ak evènman sa yo, tankou reprezantan gwoup enterè piblik gwoup defans, òganizasyon sivik ak kominotè, òganizasyon politik ak senp sitwayen; epi

Alòske, answit, Komisyon an te ankouraje piblik la pou bay kòmantè yo nan anpil kalite metòd, ak nan plizyè lang, tankou nan evènman kominotè li yo ak nan anpil kalite fòm medya sosyal; epi

Alòske, manm pèsonèl Komisyon an te mande kòmantè ak lide responsab depatman yo ki nan minisipalite vil la ak anplwaye yo; epi

Alòske, Komisyon an te revize tout Konstitisyon an kòm yon pati nan pwosesis revizyon an; epi

Alòske, manm pèsonèl la te prepare yon rapò preliminè manm pèsonèl la kote yo te rekòmande pou Komisyon an kontinye etid pwopozisyon ki gen pou wè ak refòm nan finansman kanpay, refòm nan eleksyon, angajman sivik, komite kominotè ak re-dekoupaj; epi

Finansman Kanpay

Alòske, moun ki te bay kòmantè yo te di zafè gwo donasyon pou kanpay ki te lakòz koripsyon *quid pro quo* (ban m ma ba w), ak kijan kontinye gen nouvo ka koripsyon k ap parèt la, te bay yo anpil enkyetid, epi yo te pwopoze plizyè fason yo ka bay sistèm finansman kanpay Vil la jarèt pou kwape koripsyon sa yo, ak pou anpeche yo parèt; epi

Alòske, pou abòde enkyetid sa yo, anpil moun ki te bay kòmantè, tankou ekspè, ofisyèl eleksyon, ak manm piblik la te sijere refòm nan sèten eleman fondamantal nan sistèm finansman kanpay la, tankou diminye limit sou kontribisyon yo ak

ranfòse finansman piblik ak modifikasyon nan fòmil fon konplemantè a ak limit sou finansman fon konplemantè yo; epi

Alòske, sèten moun ki te bay kòmantè te di yo te gen enkyetid konsènan lè yo distribye fon konplemantè nan sistèm ki gen kounye a;

Donk, kounye a, nou DESIDE pou Komisyon pou Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande manm pèsonèl la pou prepare yon pwopozisyon oswa yon pati nan yon pwopozisyon pou mete devan elektè yo nan eleksyon jeneral la ki pral fè 6 novanm 2018, si Komisyon an adopte li, epi li pral genyen bagay sa yo:

- Bese limit sou kontribisyon pou kandida ki chwazi patisipe nan pwogram finansman piblik yo a 2,000 dola pou pozisyon nan biwo minisipal ki nan tout vil la, 1,500 pou pozisyon prezidan minisipal yo epi 1,000 dola pou pozisyon manm konsèy minisipal yo, pou chak sik eleksyon;
- Bese limit sou kontribisyon pou kandida ki p ap patisipe yo a 3,500 dola pozisyon nan biwo minisipal ki nan tout vil la, 2,500 pou pozisyon prezidan minisipal yo epi 1,500 dola pou pozisyon manm konsèy minisipal yo, pou chak sik eleksyon;
- Chanje fòmil pou detèmine finansman fon konplemantè yo a yon rapò 8 a 1 nan fon piblik yo konplete sou premye 250 dola kontribisyon ki kalifye pou yon pozisyon nan biwo minisipal ki nan tout vil la, epi a yon rapò 8 a 1 nan fon piblik yo konplete sou premye 175 dola kontribisyon ki kalifye pou biwo prezidan ak konsèy minisipal yo;
- Ogmante limit sou fon konplemantè yo, pou chak kandida ak chak eleksyon, a 75 pouzan limit sou depans pou biwo li kandida a; epi
- Fè fon piblik disponib pou kandida ki kalifye yo pi bonè pandan ane eleksyon an;

Angajman Sivik

Alòske, nan temwayaj piblik li, piblik la te pale sou plizyè kalite enkyetid yo te genyen sou eta angajman sivik nan Vil la; epi

Alòske, efò Vil la ap fè kounye a pou ankouraje patisipasyon rezidan li yo anpil epi yo varye, epi moun ki te ba kòmantè piblik yo te di yo ta renmen kreye yon vektè pou kowòdone ak amelyore efò Vil la deja genyen ak enfòme piblik la pi byen sou opòtinite ki genyen pou yo patisipe; epi

Alòske, Komisyon an te detèmine si yo etabli yon komisyon angajman sivik sa t ap enskri valè angajman sivik nan Konstitisyon a epi kreye opòtinite pou nouvo pwogram original; epi

Alòske, Komisyon an te resevwa temwayaj konvenkan konsènan valè ankourajman patisipasyon sivik kote yo etabli yon pwogram bidjè patisipatif nan tout vil la; epi

Alòske, Komisyon an te resevwa yon temwayaj konvenkan ki montre lè yo bay rezidan yo enfòmasyon konsènan kote biwo vòt yo ye, chanjman nan adrès biwo vòt yo, fòm enskripsyón elektè ak lòt fòm pou patisipasyon elektè jwe yon wòl enpòtan nan pwomosyon patisipasyon nan lavi sivik; epi

Alòske, Administrasyon an te etabli inisyatif DemocracyNYC a pou bay ranfòse demokrasi, fè li pi fasil pou vote ak kraze barikad nan angajman sivik, si se yon siy devouman Vil la pou pran plis aksyon gouvènmantal nan domèn sa a; epi

Alòske, Vil la anvi devlope ak kore nouvo pwogram ak sa ki deja egziste yo ak lòt inisyativ pou ankouraje bonjan patisipasyon nan lavi sivik;

Donk, kounye a, nou DESIDE pou Komisyon pou Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande manm pèsonèl la pou prepare yon pwopozisyon oswa yon pati nan yon pwopozisyon pou mete devan elektè yo nan eleksyon jeneral la ki pral fè 6 novanm 2018, si Komisyon an adopte li, epi li pral genyen bagay sa yo:

- Etabli yon Komisyon Angajman Sivik ak yon estrikti nominasyon ki gen ladan nominasyon Majistral ak non Majistral ak lòt reprezantasyon, ki gen ladan moun ki an tèt ajans minisipal ki asosye ak yo;
- Etabli Komisyon Angajman Sivik la dwe kreye politik pou asire misyon li pou ankouraje angajman sivik ak patisipasyon rezidan Vil New York yo;
- Etabli Komisyon Angajman Sivik la responsab pou fonksyon sa yo:
 - Siveye ak mete yon pwogram bidjè patisipatif sou pye, kote yo itilize ak respekte lòt lwa ak pwosedi ki apwopriye;
 - Bay sèvis asistans teknik, ki gen ladan planifikasyon ibèn ak lòt resous bay komite kominotè yo, epi mete pòsyon Komite Kominotè a nan rezolisyon sa a;
 - Kowòdone efò angajman sivik ajans Minisipal yo deja genyen;
 - Soutni ak asosye avèk òganizasyon kominotè yo, enstitisyon yo, ak lidè lokal nan sektè piblik ak prive yo efò yo pou ankouraje angajman sivik, ki kapab gen ladan, pami lòt aktivite, developman konpetans nan lidèchip, administrasyon espas piblik yo, angajman jèn yo, ak sèvis ki espesyalman pou imigran yo ak lòt kominote defavorize yo;
 - Aji pou ankouraje, pwomouwva, ak rann li pi fasil pou elektè yo ka enskri ak vote, tankou sansibilize gwoup moun ki pa gen ase reprezantasyon pami moun ki enskri ak sa ki vote yo, tankou elektè ki kalifye men ki pa pale angle byen; epi
 - Bay moun yo aksè nan lang jan sa etabli nan pòsyon Aksè nan Lang rezolisyon sa a;

Komite Kominotè

Alòske, Manm piblik la, ekspè yo, ak ofisyèl eli yo te di yo enterese anpil nan fè komite kominote Vil la sanble plis ak kominote yo reprezante yo epi reprezante kominote sa yo pi byen; epi

Alòske, anpil moun ki te bay kòmantè te di yo panse komite kominotè yo, ki jwe yon wòl enpòtan nan demokrasi lokal Vil New York, dwe ranfòse ak plis divèsite, epi plizyè nan moun ki te bay kòmantè yo te pwopoze pou enpoze limit sou manda kòm yon mwayen pou reyalize objektif sa a; epi

Alòske, anpil moun ki te bay kòmantè te di yo panse pwosesis nominasyon pou kominote kominotè yo t ap pi bon si te gen etap ki menm nan pami senk (5) minisipalite yo; epi

Alòske, Komisyon an te tandem temwayaj konvenkan ki montre yo bezwen plis sèvis asistans teknik, ki gen ladan planifikasyon ibèn ak lòt resous, pou pèmèt komite kominotè yo ranpli manda yo;

Donk, kounye a, nou DESIDE pou Komisyon pou Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande manm pèsonèl la pou prepare yon pwopozisyon oswa yon pati nan yon pwopozisyon pou mete devan elektè yo nan eleksyon jeneral la ki pral fè 6 novanm 2018, si Komisyon an adopte li, epi li pral genyen bagay sa yo:

Limit sou manda yo

- Kreye yon limit kat (4) manda de (2) zan youn dèyè lòt pou manm komite kominotè yo, men, se depi pou mizanplas dekale, sèten nominasyon inisyal kapab genyen yon limit senk manda de (2) zan ;
- Etabli limit kat (4) manda a ta p vin anvègè pou nominasyon ak renominasyon kòmanse nan dat 1ye avril 2019 oswa apre sa; epi
- Etabli pou yo pa entèdi manm komite kominotè ki te sèvi kat (4) manda youn dèyè lòt yo pou yo pa ka re-nome yo apre yon (1) manda konplè yo pa te manm komite a;

Pwosesis nominasyon an

- Egzije pou tout Prezidan Minisipal yo pibliye yon Rapò Anyèl ki genyen:
 - Kantite pozisyon komite kominotè ki lib;
 - Enfòmasyon sou manm komite kominotè ki gen nan moman an;
 - Metòd Rekritman Prezidan Minisipal la;
 - Kritè evalyasyon yo swiv nan pwosesis seleksyon an ak nenpòt metòd espesifik Prezidan Minisipal la anplwaye; epi
- Etabli kategori inifòm enfòmasyon nan Konstitisyon a ki dwe nan tout aplikasyon epi egzije pou tout Prezidan Minisipal kreye yon aplikasyon pou pozisyon manm komite kominotè ki lib yo disponib sou entènèt la;

Resous yo ak zafè ki gen pou wè ak yo

- Egzije pou Komisyon Angajman Sivik la bay sèvis asistans teknik, tankou planifikasyon ibèn al lòt resous, tankou sèvis asistans ka lang, bay komite kominotè yo ak plis toujou; epi
- Egzije pou komite kominote yo, ak èd Depatman Enfòmatik ak Telekominikasyon an, pou jere yon sitwèb;

Aksè nan Lang

Alòske, apeprè konpetans apeprè 23 poustan nan tout rezidan New York yo limite, ki vle di yo pa ka li, pale, ak ekri angle byen; ak

Alòske, pandan Vil la kontinye ap ogmante efò li pou angaje kominote ki divès epi ki pale plizyè lang li yo total-kapital, l ap enpòtan anpil pou elaji aksè nan lang pou bati yon Vil ki pi jis ak pi ekitab, epi efò sa yo enpòtan sitou pou zafè vote; ak

Alòske, Komisyon an te tandem temwayaj konvenkan ki monte gen plis bezwen pou sèvis asistans ak lang nan zafè vote ak enskripsyon elektè;

Donk, kounye a, nou DESIDE pou Komisyon pou Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande manm pèsonèl la pou prepare yon pwopozisyon oswa yon pati nan yon pwopozisyon pou mete devan elektè yo nan eleksyon jeneral la ki pral fè 6 novanm 2018, si Komisyon an adopte li, epi li pral genyen bagay sa yo:

- Egzije Komisyon Angajman Sivik la pou konsidere bezwen kominote lengwistik yo nan devlopman pwogram ak sèvis li yo ak pou asire pwogram ak sèvis Komisyon an aksesib rezidan New York angle yo limite yo;
- Egzije Komisyon Angajman Sivik la, nan kowòdinasyon ak Biwo Majistra a pou Zafè Imigran, pou devlope yon plan pou bay sèvis edikasyon, asistans, ak sansibilizasyon pou elektè yo nan lòt lang apa angle bay moun ki kalifye oswa ki ka vin kalifye pou vote;
- Egzije Komisyon Angajman Sivik la pou devlope, nan kowòdinasyon ak Biwo Majistra a pou Zafè Imigran, yon plan pou mete entèprtèt nan biwo vòt yo nan tout Vil la, ki dwe gen yon metodoloji pou detèmine ki lang ak ki biwo vòt yo te dwe mete nan pwogram sa a, tankou yon egzijan spou revize ak adapte metodoloji sa a regilyèman jan sa apwopriye selon bezwen kominote lengwistik yo;
- Egzije pou chwazi yon moun pou kowòdone sèvis aksè nan lang Komisyon Angajman Sivik la bay ak yon pwosesis pou swiv ak reponn plent piblik la a lè; epi
- Egzije pou Komisyon Angajman Sivik la swiv ak bay rapò sou sèvis èd lang yo bay, tankou kantite elektè ki te itilize entèprtèt nan biwo vòt yo;

Vòt Selon Klasman

Alòske, Komisyón an te resevwa kòmantè piblik nan men ekspè, ofisyèl ki eli, gwoup defans ak manm piblik la kote yo te pwopoze pou Vil la adopte yon vòt selon klasman nan eleksyon minisipal yo; epi

Alòske, anpil moun ki te bay kòmantè te sijere si yo adopte vòt selon klasman sa te ka pote avantaj pou eleksyon minisipal admirasyon an, tankou fè plis elektè angaje ak patisipe, redwi kanpay negativ, jwenn konsansis, bay elektè yo plis opòtinite ou yo chwazi preferans yo pamí kandida ak elimine bezwen pou dezyèm tou eleksyon separe yon fason efikas; epi

Alòske, selon rechèch ki disponib, yo pa te mete vòt selon klasman so pye yon fason inifòm pamí jiridiksyon ki te adopte li yo, ak varyasyon soti nan kantite kandida elektè yo ka klase rive nan konpozisyon bilten vòt la, epi kèk jiridiksyon te sispann itilize sistèm vòl selon klasman an apre yo te adopte li; ak

Alòske, selon rechèch ki disponib, gen anpil kesyon san repons konsènan enpak yon chanjman konsa t ap genyen sou elektè yo ak kandida yo, tankou kesyon konsènan enpak elektè minorite yo ak popilasyon defavorize yo; epi

Alòske, selon rechèch ki disponib, gen anpil kesyon san repons konsènan posiblite pou mete sou pye vòt selon klasman nan yon vil gwosè New York, tankou kesyon konsènan delè pou jwenn total vòt yo ak pwosedi verifikasyon yo;

Donk, kounye a, nou DESIDE pou Komisyón pou Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande manm pèsonèl la pou pran san li pou abòde apwòch ki gen bél avni sa a pou amelyore administrasyon eleksyon minisipal yo nan Rapò Final Komisyón an ak yon rekòmandasyon pou yon Komisyón pou Revizyon Konstitisyon pi devan oswa lòt kò lejislatif konsidere pwopozisyon sa a;

Pwosesis Dekoupaj Distri a

Alòske, Komisyón an te resevwa anpil kòmantè piblik ki pwopoze pou Komisyón an pwopoze chanjman nan pwosesis dekoupaj distri a; epi

Alòske, Komisyón an te tande temwayaj konvenkan ki te di pwosesis dekoupaj ki san paspouki epi ki endepandan ap enpòtan pou gen yon demokrasi lokal ki fonksyone byen; epi

Alòske, plizyè moun ki te bay kòmantè te di yo te gen enkyetid pou modifye pwosesis dekoupaj distri a pou garanti yo konsidere dwa gwoup minorite rasyal ak etnik yo pou vote; epi

Alòske, lòt moun ki te bay kòmantè yo te sijere pou fè chanjman nan pwosesis nominasyon an ak lòt chanjman nan egzijans pou dekoupaj yo po fè komisyon dekoupaj distri a pi endepandan; epi

Alòske, varyete jeneral kòmantè yo te soumèt bay Komisyon an te montre gen plizyè fason pou abòde refòm re-dekoupaj distri a; epi

Alòske, Vil New York san parèy lè w gade gwosè li ak divèsite li, epi yo dwe evalye nenpòt refòm yo pwopoze ki sanble li kopye lòt jiridiksyon pou enpak ki presizeman pou Vil New York ak kominote lokal li yo; epi

Alòske, kontribisyon kominote lokal yo, tankou kominote moun ki pa blan, ofisyèl ki eli yo, pati politik yo, ansyen manm komisyon dekoupaj distri yo, ekspè yo ak lòt pati prenant ki enpòtan ap nesesè pou evalye nenpòt refòm yo pwopoze nan pwosesis dekoupaj distri Vil la;

Donk, kounye a, nou DESIDE pou Komisyon pou Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande manm pèsonèl la pou pran san li pou abòde refòm yo prezante bay Komisyon an nan Rapò Final Komisyon an, ak yon rekòmandasyon pou yon Komisyon pou Revizyon Konstitisyon pi devan konsidere refòm nan re-dekoupaj distri;

Epi nou DESIDE tou pou Komisyon pou Revizyon Konstitisyon Vil New York la mande manm pèsonèl la pou prepare yon Rapò Final ak kesyon nan bilten vòt ak abstrè ki menm ak direktiv sa yo epi pou Prezidan an fè plis modifikasyon yo jije ki nesesè ak preyavi bay Manm Komisyon yo, epi soumèt Rapò Final ak kesyon bilten vòt ak abstrè yo, ki reprezante tout pwopozisyon Komisyon an, bay Komisyon an pou deside si pou yo prezante pwopozisyon sa yo bay elektè yo nan eleksyon jeneral ki pral fèt 6 novanm 2018 la.